



KESYON AK REPOUS SOU VAKSEN COVID-19 LA

Pou pi byen pwoteje anplwaye ak rezidan enstitisyon swen enfimye yo, anpil nan nou ap pami premye gwoup moun nan nasyon an k ap kalifye pou resevwa vaksen COVID-19 la. Nou vle asire n ou gen tout enfòmasyon w bezwen pou pran pi bon desizyon konsènan si oumenm ak moun ou renmen yo ap pran vaksen an. Doktè Larissa Lucas te reponn kèk nan kesyon yo poze pi souvan sou vaksen COVID-19 la.



MEN KIYÈS DOKTÈ LARISSA LUCAS YE

Doktè Larissa Lucas se yon jeryat (dokte pou moun ki ajè) ak direktè medikal nan North Shore Physicians Group. Nan wòl sa a, doktè Lucas pran swen rezidan ki nan enstitisyon swen a lontèm yo ak pasyan ki te fè maladi grav k ap viv nan enstitisyon swen enfimye espesyalize. Nan mwa avril 2020, doktè Lucas te patisipe kòm direktè medikal pou sipòte ouvèti Boston Hope nan Boston Convention Center a.

ÈSKE VAKSEN COVID-19 LA PA GEN DANJE LADAN L?

Administrasyon Manje ak Medikaman Etazini (sig anglè a : FDA) revize ak anpil atansyon tout done sou sekirite nan esè klinik yo epi li otorize pou itilize vaksen an ijans sèlman lè avantaj yo espere yo depase risk potansyèl yo. Yo te teste vaksen COVID-19 yo nan gwo esè klinik pou asire yo te satisfè estanda sekirite ki trè ekzijan. Plis pase 70,000 moun te patisipe nan esè sa yo pou wè kijan vaksen yo ofri pwoteksyon pou moun ki gen diferan laj, ras, etnisite ak tou pou moun ki deja gen diferan kalite maladi.

ÈSKE VAKSEN AN KA BAN M COVID-19 ?

Non. Vaksen COVID-19 ki soti nan Pfizer ak Moderna se kategori vaksen Messenger RNA (asid ribonikleyik mesaje) - yo rele yo tou vaksen mRNA. Vaksen mRNA yo pa itilize viris vivan ki lakòz COVID-19. Vaksen mRNA yo ap fonn byen vit apre yo fin bay yo epi yo pa p lakòz chanjman nan ADN ou. Menm si ou ka santi kèk ti efè segondè tanporè lè w pran piki a, li enposib pou vaksen an ba w viris la.

KONBYEN DÒZ YO BEZWEN E POUKISA ?

Moun yo bezwen pran de dòz vaksen COVID-19 Pfizer ak Moderna a. Premye piki a ap kòmanse etabli pwoteksyon an, men tout moun bezwen resevwa dezyèm piki a omwen 21 jou apre pou asire yo jwenn pifò pwoteksyon vaksen an ka bay. Se menm jan pou lòt vaksen tankou Epatit B moun oblije pran de dòz ladan yo.

ÈSKE VAKSEN AN GEN EFÈ SEGONDÈ ? SI YO GENYEN, KONBYEN TAN YO KA DIRE ?

Gen kèk moun ki pran vaksen COVID-19 k ap santi efè segondè, patikilyèman apre dezyèm dòz la. Efè segondè vaksen pa grav epi y ap tanporè. Patisipan yo te rapòte yo gen doulè kote yo te ba yo piki a, yo te fatige, ak kèkfwa yo te gen yon ti lafyè, yo gen maltèt oswa doulè nan misk ak jwenti yo. Efè segondè yo te kòmanse pase nan 1-2 jou. Efè segondè sa yo aktyèlman komen ak tout vaksen : yo se yon siy ki montre yon vaksen ap travay e li pwovoque yon repons nan sistèm iminitè a.

ÈSKE GEN YON EFÈ SEGONDÈ ALONTÈM ?

Yo toujou nan etap kote y ap teste vaksen COVID-19 yo pou efè segondè alontèm yo. Jiska prezan, yo pako detekte okenn pwoblèm sekirite alontèm. Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi yo (sig anglè a : CDC) ak

Administrasyon Manje ak Medikaman (sig anglè a : FDA) ap kontwole ak anpil atansyon pandan plis moun ap pran vaksen an epi plis enfòmasyon ap pral disponib nan semèn ak mwa k ap vini yo. Syantis CDC yo ak pwofesyonèl medikal yo ap revize kontinyèlman sekirite vaksen an. Y ap kontinye bay piblik la enfòmasyon epi y ap pran desizyon sou nouvo enkyetid ki gen rapò ak sekirite vaksen an si sa nesèsè.

Nou toujou ap aprann sou vaksen COVID-19 yo, men sa nou vrèman konnen : pran maladi COVID-19 la se yon bagay ki danjere. Nou konnen COVID-19 la ka lakòz pwoblèm sante alontèm, menm lè l pa t sakaje moun nan anpil. Nou pa kwè n ap jwenn okenn efè segondè ki gen rapò ak vaksen ki pi riske pase gen COVID-19.

ÈSKE M KA BAY LÒT MOUN VIRIS LA MENM APRE M FIN VAKSINE ?

Nou pako konnen si moun ki vaksine yo ka bay lòt moun ki ka pako pran vaksen an viris la. Se poutèt sa l ap toujou enpòtan pou tout moun kontinye konfòme yo ak tout pwotokòl lasante piblik ki nesèsè yo, tankou mete mask, pratike bon ijyèn men, ak kenbe distans sosyal. Gen done optimis ki soti nan esè klinik yo ki montre vaksinasyon an anpeche COVID-19 la pwopaje.

MWEN DEJA AP SOUFRI AK YON MALADI. ÈSKE PRAN VAKSEN AN AP GEN EFÈ DANJERE?

Nou pako konnen avèk sètitud kijan moun ki deja ap soufri ak lòt maladi ap reaji lè yo pran vaksen an. Sepandan, li klè moun ki gen lòt konplikasyon lasante yo gen pi gwo risk pou konplikasyon nan enfeksyon COVID-19 la. Si w deja ap soufri ak yon maladi, ou ta dwe konsilte doktè w pou w konnen sa k ap pi bon pou ou.

MWEN DEJA GEN COVID-19, ÈSKE M TOUJOU BEZWEN PRAN VAKSEN AN ?

Wi, yo rekòmande vaksen an pou moun ki te refè apre yo te gen COVID-19. Nan esè klinik la, 10% nan patisipan yo te deja gen COVID-19 epi li sanble li plis nan avantaj yo lè yo pran vaksen an. Moun ki te refè apre yo te gen enfeksyon an ka pa gen iminite ki dire lontan epi yo ka vin enfekte ankò.

KONBYEN TAN APRE YON MOUN KI TE REFÈ APRE L TE PRAN COVID-19 DWE RET TANN POU L PRAN VAKSEN AN ?

Yo ka pran vaksen an touswit apre yo fin refè. Yo defini tan ekiperasyon an tankou 10 jou apre dyagnostik pou yon enfeksyon lejè oswa modere ak 20 jou apre dyagnostik la pou enfeksyon grav yo.

ESKE VAKSEN COVID-19 LA GRATIS ?

Ou pa p gen pou w peye pou vaksen an. Vaksen an limenm gratis epi konpayi asirans sante ou pral kouvri depans administrasyon yo.

RESOUS SIPLEMANTÈ

Pou plis enfòmasyon sou vaksen COVID-19, men plizyè resous yo fè konfyans. Eskanerize kòd QR la avèk kamera telefòn selilè w la pou w ka ale dirèkteman sou sit entènèt la.



Kontakte Sant yo pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi (CDC) pou vaksen COVID-19 la

<https://www.cdc.gov/vaccines/covid-19/index.html>



Kesyon yo poze pi souvan yo sou vaksen COVID-19 la ki soti nan Sant yo pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi (CDC)

<https://www.cdc.gov/coronavirus/2019-ncov/vaccines/faq.html>



Vaksen COVID-19 la nan Massachusetts ki soti nan Mass.Gov

<https://www.mass.gov/covid-19-vaccine-in-massachusetts>